



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PRAN MEZI EGZEKITIF IJAN POU BAY DEDIKTIBILITE ENPO
LOKATIF POU MOUN NEW YORK YO**

**[Dekrè Egzekitif lan](#) Otorize Lokalite yo Bay Manda pou Koleksyon Peman Enpo
Antisipe yo**

Dekrè Egzekitif Lan Ap Pèmèt Kontribiyab yo Fè Peman Enpo Lokatif Pasyèl

***Gouvènè a Òdone Depatman Dwanye ak Finans Eta a pou yo Travay Ansanm Ak
Lokalite yo Pou Fasilite Koleksyon Enpo Antisipe yo***

***Mezi an Ap Ede Moun New York yo Evite Enpak Devastatè akoz Limit 10,000 Dola
nan Dediksyon SALT yo nan Dokiman Lwa sou Enpo GOP a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te fè soti jodi a yon Dekrè Egzekitif (Executive Order) pou kapab ede pwoteje pwopriyetè kay yo ki nan New York kont enpak devastatè dokiman lwa sou enpo GOP a. Dekrè sa otorize gouvènman lokal yo pou yo imedyatman bay manda enpo yo pou koleksyon peman enpo lokatif 2018 yo, epi pèmèt pwopriyetè kay yo peye omwen yon pòsyon nan fakti yo anvan fen ane a epi sou konsèp enpo aktyèl lan. Gouvènè òdone Depatman Dwanye ak Finans lan (Department of Taxation and Finance) pou yo travay ansanm ak gouvènman lokal yo pou fasilite koleksyon enpo antisipe yo.

Plan enpo federal la, ke yo te siyen jodi a pou vin tounen lwa, li limite dediktibilite enpo lokal ak eta (state and local taxes, SALT) yo a 10,000 dola, efektivman elve enpo lokatif yo epi redwi valè kay yo nan New York ak nan eta ki atravè peyi an.

“Pandan ke Washington ap lanse daso total sou eta sa ak nasyon sa, mwen te otorize gouvènman lokal yo pou yo pèmèt pwopriyetè kay yo peye pati pa yo oswa tout enpo yo bonè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York te fè pwogrè san presandan nan redwi fado enpo yo sou do fanmi klas mwayèn nou yo, epi nou pa pral pèmèt atak sa kraze tout pwogrè ke nou te reyalize. Dekrè Egzekitif sa pral pèmèt pwopriyetè kay yo dedwi swa yon pati oswa tout kantite peman nan enpo federal yo anvan ke dokiman lwa sou enpo GOP a rantre an vigè.”

Gouvènè Cuomo te siyen [Dekrè Egzekitif #172](#) jodi a, ki gen ladan de mezi:

Otorize Ofisyèl Lokal yo pou yo Imedyatman Preleve Enpo yo

Gouvènè a otorize gouvènman lokal yo pou yo imedyatman bay manda pou preleve enpo lokatif yo apati fen ane an. Ofisyèl yo ta dwe bay manda pou koleksyon enpo yo epi pote yo bay kolektè enpo lokal yo imedyatman, epi pa pi ta pase 11:59 p.m. nan Jedi 28 Desanm 2017.

Sa pral pèmèt moun New York yo peye enpo lokatif yo pou 2018 nan ane kalandriye 2017 lan, epi pèmèt lokalite yo aksepte peman alavans yo pou ke pwopriyetè kay yo kapab dedwi tout kantite peman yo an onivo federal la.

Pèmèt Kontribiyab yo Fè Peman Antisipe Pasyèl

Dekrè Egzekitif lan pral sispann tou lwa lokal yo ki limite kapasite kontribiyab yo pou fè peman pasyèl pou enpo lokatif yo jiska fen ane an. Pliske anpil kontribiyab pòkò konnen kantite egzat fakti yo, sa pral pèmèt genyen yon pòsyon enpo pou yo peye bonè epi sou lwa enpo federal aktyèl lan.

Chak kolektè enpo lokal gen otorizasyon kounye a ak òdonans pou yo aksepte peman pasyèl yo pou enpo ki mandate yo nan men pwopriyetè kay yo jiskaske biznis lan fèmen nan Vandredi 29 Desanm 2017. Yo kapab fè peman sou entènèt yo jiska 11:59 p.m. nan Dimanch 31 Desanm 2017, epi yo otorize peman ki fèt pa kourye yo ki gen kachè lapòs ki nan dat oswa anvan dat 31 Desanm 2017.

Robert Mujica, ki se Direktè Bidjè Eta New York (New York State Budget), te deklare, “Pou distrik lekòl ak gouvènman lokal sa yo ki kapab bay manda yo anvan fen ane a, nou ankouraje yo fè sa. Nou konprann ke pou kèk, li pa pral posib ni pratik”.

Stephen J. Acquario, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta New York yo (New York Association of Counties), te deklare, “Nou felisite Gouvènè Andrew M. Cuomo poutèt li ap itilize otorite egzekitif li pou bay opsyon pou pwopriyetè kay yo ki nan New York pou peye alavans enpo lokatif 2018 yo. Akoz peryòd fen ane an, mezi sa nesèsè pou kapab bay otorite lokal yo mwayen pou resevwa peman pou enpo 2017 yo”.

Peter A. Baynes, ki se Direktè Egzekitif Konferans Majistra Eta New York (New York State Conference of Mayors), te deklare, “Pliske limitasyon dediksyon SALT lan te vin yon reyalite penib pou New York, lidè vil ak vilaj nou yo t’ap fè tout sa ke yo kapab legalman pou pèmèt peman alavans pasyèl oswa konplè pou enpo lokatif 2018 yo an 2017. Erezman, mezi desizif jodi a ke Gouvènè Cuomo te pran an li pral ede manm nou yo pandan ke y’ap ede abitan yo jere enpak finansye negatif ke refòm enpo federal la pral genyen sou plizyè milyon moun New York”.

###